



# ESTANDA POU PWOGRAM ANSÈYMAN FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.)

*Gid pou Paran ki Genyen Pitit yo nan Klas Dezyèm Ane*

## PREPARE TIMOUN FLORID POU FÈ SIKSÈ ALAVNI

Estanda B.E.S.T. pou Anglè (ELA) se estanda literalman pou elèv Florid ki pral fòme e fè eta Florid la vin eta ki pi alfabetize nan nasyon an. Estanda B.E.S.T. kreye mwayen pou elèv Florid yo resevwa yon edikasyon deklas nan mond nan e prepare yo pou fè siksè alavni.

Lidè edikasyon nan eta Florid la amelyore estanda kontni akademik, kreye nouvo atant pou sa elèv bezwen konnen e sa yo kapab fè. Referans sa yo se objektif ke yo espere pou elèv acheve alafen ane eskolè a. Yo dezinye estanda B.E.S.T. la pou asire ke TOUT elèv atenn pi gwo nivo potansyèl yo kapab rive.

### ESTANDA SA YO KONSANTRE SOU:

- Enstriksyon fonik sistematik e eksplisit
- Konpetans sou panse kritik
- Yon panse pwofon pou literati nan peryòd tan istorik
- Konesans pou konstwi atravè tèks ki gen anpil kont

**Prepare pitit ou a pou fè siksè nan kòmansman Kendègaten e kontinye toutotan li ap avanse nan chak klas. Gid sa a pral sipòte paran e fanmi ki genyen pitit nan klas premye ane pou ede yo:**

#### APRANN

Sou Estanda B.E.S.T. e pou kisa yo enpòtan pou pitit ou.

#### PALE

Avèk pwofesè pitit ou sou kisa yo pral aprann nan klas.

#### LOKALIZE

Aktivite e resous pou sipòte enstriksyon pitit ou lakay nan fason pratik.

#### KONPRANN

Mo edikatif enpòtan (akademik) ou pral wè nan nivo klas li.

## APRANN SOU ESTANDA KLAS PREMYE ANE

### PITIT OU PRAL EKSPLORE MOND LAN ATRAVÈ TÈKS PA MWAYEN:

- Dekode mo avèk konbinezon vwayèl konplèks (pa egzanp, oo, ea, ou, oi, oy, ow).
- Dekode mo avèk prefiks e sifiks komen.
- Ekri tèks naratif, opinyon e ekspozitwa ki swiv règleman estanda gramè Anglè, ponksyasyon, kapitalizasyon e òtograf.

### NAN LEKTI E EKRI, PITIT OU PRAL KAPAB POU LI:

- Rakonte istwa, enkli karaktè, kontèks e sekans evènman.
- Rakonte tèks enfòmatif, enkli sijè e detay enpòtan.
- Demontre konpreyansyon sijè kote yo kapab itilize karakteristik tèks.
- Figire siyifikasyon mo enkonni kote yo kapab itilize enfòmasyon imaj, kontèks e konesans sou anviwònman.
- Konpare e diferansye de tèks sou menm sijè.



# LOKALIZE AKTIVITE E RESOUS

## AKTIVITE ÒDINÈ POU SIPÒTE ENSTRIKSYON:

- ✓ Koute lè pitit ou a ap li e re li yon tèks nan nivo lekti li pou konstwi otomatis.
- ✓ Li awotwva pou pitit ou pou 20 minti chak jou. Chèche liv ki baze sou sijè ki enterese pitit ou e yo ta renmen vin espesyalis ladan li. Pale sou sa ki ap pase nan tèks la. Mande kisa yo aprann.
- ✓ Amize ou avèk istwa ou li! Itilize diferan vwa. Fabrike efè son e fè vizaj ou amizan. Pran pòz w ap jwe yon ak.
- ✓ Vizite bibliyotèk bibliik lokal ou detanzantan. Kite li wè sa ou chwazi, pran liv pou ale lakay e byen li liv ou.
- ✓ Se pou ou sèvi kòm yon wòl modèl nan lekti. Si pitit ou a wè ou li, li pral vle aprann li tou.
- ✓ Chak kote ou ale, mete omwen yon ti liv nan sak ou. Pran li nan sak la pou nou kapab li ansanm nenpòt lè ou.
- ✓ Fè pitit ou a angaje nan ekriti ki gen rapò ak mond reyèl. Ekri yon lèt pou yon manb fanmi, ekri yon ti istwa kout oswa fè yo mentni yon journal.
- ✓ Ankouraje pitit ou pou bay detay sou repons li pandan konvèsasyon nou. Poze li kesyon sou kisa li wè e ki eksperyans li fè. Asire ke li reponn kesyon ou poze yo an fraz konplè (pou li pa reponn yo avèk yon senp wi oswa non).

## LIS LIV YO SIJERE POU KLAS DEZYÈM ANE



***Gathering Leaves*** pa Robert Frost  
***Eleanor*** pa Barbara Cooney  
***One Morning in Maine*** pa Robert McCloskey  
***The Runaway Piggy*** pa James Luna  
***The Crocodile*** pa Lewis Carroll  
***Father of the Constitution: A Story about James Madison***  
pa Barbara Mitchell  
***Seven Blind Mice*** pa Ed Young  
***Vote!*** pa Eileen Christelow  
***The Fieldmouse*** pa Cecil Frances Alexander  
***Four Famished Foxes and Fosdyke*** pa Pamela Duncan  
***Susan B. Anthony: Fighter for Freedom and Equality***  
pa Suzanne Slade  
***Wanted Dead or Alive: The True Story of Harriet Tubman***  
pa Ann McGovern  
***The Swing*** pa Robert Louis Stevenson  
***Give Bees a Chance*** pa Bethany Barton

***The Coastal Dune Drama: Bob, the Gopher Tortoise***  
pa Katherine Seeds Nash  
***We the Kids: The Preamble of the Constitution of the United States***  
pa David Catrow  
***A More Perfect Union: The Story of Our Constitution***  
pa Betsy Maestro  
***In a Pickle and other Funny Idioms*** pa Marvin Terban  
***The Congress of the United States*** pa Christine Taylor-Butler  
***Winnie the Pooh*** pa A.A. Milne  
***Bears on Hemlock Mountain*** pa Alice Dalgliesh  
***Living or Nonliving?*** pa Kelli Hicks  
***The Gingerbread Man*** pa Jim Aylesworth  
***Bee Dance*** pa Rick Chrustowski  
***Living or Nonliving?*** pa Kelli Hicks  
***Mango, Abuela, and Me*** pa Meg Medina  
***The Patchwork Quilt*** pa Valerie Flournoy

## OPSYON POU PLIS LEKTI

***A Child's Garden of Verses***  
pa Robert Louis Stevenson

***A First Book of the Sea***  
pa Nicola Davies

***Little House in the Big Woods***  
pa Laura Ingalls Wilder

***The Lion and the Mouse***  
pa Aesop

***The Emperor's New Clothes***  
pa Hans Christian Andersen

***The Very Hungry Caterpillar***  
pa Eric Carle

***Love You Forever***  
pa Robert Munsch

***The Tale of Peter Rabbit***  
pa Beatrix Potter

***Stellaluna***  
pa Janel/Cannon

***The Ugly Duckling***  
pa Hans Christian Andersen

***Goodnight Moon***  
pa Margaret Wise Brown

***The Kissing Hand***  
pa Audrey Penn



## PALE AVÈK PWOSESÈ PITIT OU A

Sonje, se ou ki premye pwofesè pitit ou a. Panse ke se yon konferans ki kòm yon “reyinyon ekip” ke ou pral dekouvri kontribisyon espesyal nou chak kapab pote pou rann klas premye ane yon siksè. Men kèk kesyon ou ta kapab poze pou kòmanse yon diskisyon

Nan domèn alfabetizasyon, ki kote pitit mwen an pi fò, kijan yo kapab sipòte pandan enstriksyon?

Ki konpetans fonik pitit mwen kapab metrizè? Kijan li kapab a phonics task that my child is working thr

Ki sijè ki gen koneksyon avèk syans e syans sosyal ke pitit mwen kapab li atravè lekti?

Ki kote pitit mwenn an gen pwoblèm e kijan mwen kapab ede li?

Ki tip liv pitit mwen li pandan lekti endepandan? Eske yo limite nan yon nivo lekti espesifik? Eske m kapab wè yon egzamp sou tip tèks sa yo ke pitit mwen li endepandamar?

Eske pitit mwen montre ou ke yo konprann say o ap li e aprann atravè desen, pale e ekriti? Si non, avèk ki defi y ap fè fas?

## MO EDIKATIF (AKADEMIK) POU APRANN

### OTOMATISITE

Lè ou ap li, se abilite pou li mo avèk rapidite e presizyon.

### KONESANS SOU KONTÈKS (KONESANS OPARAVAN)

Enfòmasyon ki enpòtan pou konprann yon sitiyasyon oswa yon pwoblèm; sa ou deja konnen dapre eksperyans ou te fè.

### DEKODAJ

Tradui yon mo nan yon diskou ki ekri kote yo kapab itilize konesans yon relasyon son-lèt; epi tou, aksyon pou li yon nouvo mo kote ou kapab repete li.

### ENSTRIKSYON EKSPLISIT

Enstriksyon entèaktif ke pwofesè/paran dirije; ki dirèk e ki enkli yon eksplikasyon klè sou konpetans yo sible a.

### MO KI GEN FREKANS WO

Yon ti gwoup mo (300-500) ki parèt regilyèman an ekri. Souvan, yo refere yo kòm (mo vizyèl) kòm elèv ta kapab rekonèt mo sa yo byen vit.

### FONIK

Ansenye elèv kijan pou konekte son lèt oswa gwoup lèt yon fason pou yo kapab li mo.

### SANSIBILASYON FONOLOJIK

Fondasyon pou aprann li. Li refere avèk abilite pou travay avèk mo nan fason oral (son pale) men ki pa angaje ekriti.

### NIVO LEKTI

Nivo lekti endepandan ki se pi wo nivo kote yon lektè genyen ase konesans sou kontèks pou sijè a e li kapab li tèks la byen rapid san li pa fè twòp erè.

### ENSTRIKSYON SISTEMATIK

Yon sekans enstriksyon ki byen egzamine e planifye.

### KARAKTERISTIK TÈKS

Pati nan yon istwa oswa yon atik ki pa kò prensipal tèks la; sa enkli tit, antèt e ilistrasyon.

